

SS.7.C.2.9

Analyse kalifikasyon yo pou evalye kandida pou biwo politik, eksperyans, pwoblèm ki baze sou tribin, deba ak piblisite politik.

Epitou Evalye

SS.7.C.2.7 - Fè yon eleksyon san valè pou demontre pwosesis votè a ak enpak li sou yon lekòl, kominote oswa nivo lokal la.

SS.7.C.2.9 Klarifikasyon sou Nasyon Fondamantal 1: Elèv yo ap idantifye kondisyon yo pou al nan eleksyon pou pòs politik federal.

Daprè Konstitisyon Etazini an, moun ki al nan eleksyon pou pòs biwo nasyonal dwe genyen sèten kalifikasyon. Men kèk egzanp sou biwo politik federal se Prezidan an, Vis Prezidan an, Depite, ak Senatè. Kalifikasyon yo inik nan chak biwo e yo nan lis nan tablo ki anba a.

Moun ki Eli nan Pòs Federal	Deskripsyon Kalifikasyon yo
Prezidan Vis Prezidan (kalifikasyon pou vis prezidan an pa enkli nan Konstitisyon Etazini an. Sepandan, vis pwezidan an devni prezidan si prezidan an demisyone oswa mouri. Sa vle di ke vis pwezidan an dwe kalifye pou l prezidan pou l kapab al nan eleksyon pou vis prezidan).	<ol style="list-style-type: none"> 1. Gen omwen 35 an 2. Te abite nan peyi Etazini pou 14 an 3. Li se yon sitwayen natirèl ki fèt nan peyi a, ki vle di li fèt sou tè Etazini (Dwa nan tè a) oswa nan yon paran sitwayen Ameriken (Dwa nan san) 4. Pa ka sèvi pou plis pase de tèm 4 an. 5. Vis prezidan an ka vin prezidan si prezidan an mouri, demisyone, oswa yo retire l nan biwo. Vis prezidan an, lè l devni prezidan, li ka vin prezidan pa plis pase 10 an, (Sa vle di ke vis pwezidan an ap konplete rès tan prezidan an e li ka al nan eleksyon pou prezidan nan de pwochen eleksyon prezidansyèl kap vini yo).
Yon manm nan Chanm Reprezantan peyi Etazini (Reprezantan Etazini)	<ol style="list-style-type: none"> 1. 25 an 2. 7 an kòm yon sitwayen Ameriken 3. Manm nan Chanm Reprezantan Etazini an, pa oblije ap viv nan distri ke yo reprezante a, men yo dwe ap viv nan eta kote distri yo a sitye. 4. Pa gen limit pou kantite manda; yo ka sèvi yon kantite tan ki san limit nan tèm 2 an
Yon manm nan Chanm Sena peyi Etazini (Senatè Etazini)	<ol style="list-style-type: none"> 1. 30 an 2. 9 an kòm yon sitwayen Ameriken 3. Manm Sena Etazini yo dwe ap viv nan eta ke yo reprezante a. 4. Pa gen limit pou kantite manda; yo ka sèvi yon kantite tan san limit nan tèm 6 an

Chanm Depite peyi Etazini – Chanm ki pi ba nan Kongrè Etazini an

Dwa nan san – yon moun ke sitwayènte lè l te fèt se menm bagay la kòm moun ke manman oswa papa byolojik li

Dwa nan tè – yon moun ke sitwayènte lè l te fèt detèmine nan peyi kote li pran nesans la

prezidan – Pi gwo chèf nan branch egzekitif la

Reprezantan nan peyi Etazini - yon manm nan Chanm Reprezantan peyi Etazini; reprezantan yo eli nan distri atravè chak eta

Sena Etazini – Chanm ki pi wo nan Kongrè peyi Etazini

Senatè Etazini - yon manm nan Sena Etazini an ki eli pou l reprezante yon eta tout antye; gen de senatè pou chak eta